



Apre yon Dyagnostik Kansè Anal



Kansè anal se yon tip kansè ki kòmanse nan anis la. Anis la se ouvèti ki konekte trip yo ak pati deyò kò a. Si yo te di w fè kansè anal, ou te pwobableman deja fè egzamen, tès imajri tankou eskanè, yon andoskopi, ak yon byopsi (yon tès ki pran kèk tisi pou verifiye prezans kansè). Ou te ka fè lòt pwosedi tou pou w konnen si kansè a te pwopaje. Tès sa yo ede doktè w konnen ki tip kansè anal ou genyen, ki stad li ye, ak ki tretman ki ta ka ede.

Tretman pou kansè anal

Tretman w pral depann de tip ak stad kansè anal la. Opsyon tretman w yo pral depann tou de rezilta tès sou selil kansè yo, sante w, ak preferans pèsònèl ou.

Gen plizyè fason pou trete kansè anal. Souvan pi bon apwòch la konbine de oswa plizyè tretman.

Nan tan lontan, chiriji te sèl fason pou geri kansè anal, men kounye a pifò kansè anal yo trete ak yon konbinezon radyasyon ak chimyoterapi. Chiriji souvan pa nesesè.

Yo kapab itilize tou iminoterapi. Doktè w ap ede w deside ki tretman ki pi bon pou ou.

Si lòt tretman yo pa mache, chiriji ka nesesè pou retire anis la ak esfenktè anal la (misk ki tankou ano ki kontwole pasaj pòupou yo). Apre chiriji an, yon moun ka bezwen yon stomi. Yon stomi se yon ouvèti nan vant la ki pèmèt pòupou soti nan kò a.

Asire w ke w mande:

- Ki tip kansè anal mwen genyen?
- Ki stad kansè anal lan ye, e kisa sa vle di?
- Èske m ap bezwen plis tès?
- Ki tretman ou panse k ap pi bon pou mwen?
- Ki objektif tretman an?
- Èske tretman an ap enkli chiriji? Èske yo ka retire tout kansè an konplètman?
- Èske m ap bezwen yon stomi?
- Èske m ap bezwen lòt tip tretman tou?

A kisa pou m atann mwen anvan ak pandan tretman an

Ekip swen kansè w lan pral eksplike w plan tretman an. Ekip sa a ka gen ladan diferan doktè, enfimyè, ak lòt pwofesyonèl swen sante, selon tip tretman ou bezwen an. Pa egzanp, si w bezwen radyasyon, ou pral travay avèk yon onkolojis radyasyon pou konnen a kisa pou atann anvan, pandan, ak apre tretman an. Si w bezwen lòt tip tretman, ekip swen kansè w la pral eksplike w kijan yo bay li, ede w prepare pou li, swiv kijan w ye, epi ede w ak nenpòt efè segondè. Ou ka gen pou fè tou analiz san, eskanè, oswa lòt tès nan sèten moman pou verifiye efikasite tretman w lan.

Se pa tout moun k ap fè tretman pou kansè anal ki pral gen menm efè segondè yo. Pa egzanp, efè segondè radyasyon yo diferan de efè segondè chimyoterapi, iminoterapi, ak chiriji. Epi moun kap resevwa menm tretman an ka gen efè segondè diferan.

Asire w ke w mande:

- Ki efè segondè mwen ka genyen, e ki sa mwen ka fè pou m evite yo?
- Kijan n ap fè konnen si tretman mache?
- Konbyen fwa m pral resevwa tretman? Konbyen tan li pral dire?
- Ki kote m prale pou m jwenn tretman? Èske m ap ka kondwi pou kont mwen?
- Èske tretman an pral afekte lavi toulèjou mwen?
- Èske m ap kapab kontinye fè aktivite m konn fè yo, tankou travay ak egzèsis?
- Èske tretman an pral afekte lavi seksyèl mwen? Kijan ak pou konbyen tan? Kisa mwen ka fè pou ede nan sa a?
- Èske gen nenpòt esè klinik ki ta ka bon pou mwen?

A kisa pou m atann mwen apre tretman an

Après tretman, mande doktè kansè w pou yon rezime tretman ak plan swivi. Yo rele sa yon plan swen sivi. Doktè kansè w pral travay avèk medsen fanmi w oswa medsen tretan w pou ede jere efè segondè tretman an epi kontwole sante jeneral ou. Ou pral gen tès regilye pou tcheke si kansè w lan retounen oswa si yon nouvo kansè kòmanse nan yon lòt pati nan kò w.

Ou ka fè fas ak chanjman nan kò w apre tretman. Asire w ke w mande doktè w a kisa pou atann ou epi fè yo konnen si ou gen nenpòt pwoblèm.

Moun ki te gen kansè anal yo a risk pou yo genyen li ankò oswa fè lòt tip kansè. Menm lè ou santi w byen apre ou fin fè tretman, li enpòtan pou mande ekip swen kansè w la yon kalandriye regilye pou fè tès swivi pou verifye si kansè anal ou an retounen.

Pou kèk moun, kansè a ka pa disparèt konplètman. Yo ka kontinye resevwa tretman, epi tès yo pral toujou nesè pou verifye efikasite li.

Asire w ke w mande:

- Ki kote mwen ka jwenn yon kopi rezime tretman ak plan swivi mwen an?
- Konbyen fwa map gen pou m wè ekip swen kansè mwen an?
- Kilè ak kijan mwen ta dwe kontakte yo?
- Èske m ap bezwen fè tès pou m wè si kansè m nan retounen, oswa pou m verifye si gen pwoblèm nan tretman m ap pran an?
- Èske m ap bezwen fè tès depistaj, tankou yon mamogram oswa kolonoskopi, pou dekouvri lòt kansè byen bonè?
- Èske gen efè segondè ki rive an reta oswa alontèm ke m ta dwe siveye?
- Ki kote mwen ka jwenn dosye medikal mwen apre tretman an?



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.

Rete an sante

Asire w ke ou di doktè w oswa ekip swen kansè a si nenpòt efè segondè tretman pa ale oswa si ou gen nenpòt nouvo sentòm.

Gen bagay ou ka fè pou w rete an sante pandan ak apre tretman an. Pa fimen ka ede diminye risk ou pou gen yon nouvo kansè anal, osi byen ke fè lòt kansè. Lè w genyen epi kenbe yon gwoès nòmal, manje byen, rete aktif, e lè w evite bwè alkòl, sa ka ede w rete an sante epi redwi risk pou w fè lòt kansè. Sa yo ka diminye risk pou w gen yon nouvo kansè anal, men plis rechèch nesè.

Jere emosyon w yo

Lè w gen kansè anal, sa ka fè w santi w pè, tris, oswa nève. Li nòmal pou w santi emosyon sa yo, e gen fason pou ede w fè fas ak yo.

- Pa eseye jere emosyon w yo pou kont ou. Pale de yo, kèlkeswa sa yo ye.
- Li NÒMAL pou santi w tris oswa deprime yon lè konsa, men fè ekip swen kansè w konnen si w gen santiman sa yo pandan plizyè jou.
- Si doktè w di w sa NÒMAL, kontinye fè bagay ou renmen fè tankou pase tan deyò, ale nan sinema oswa evènman espòtif, oswa ale nan dine.
- Jwenn èd pou aktivite tankou fè manje ak netwaye.

Ou ta ka vle kontakte zanmi, fanmi, oswa lidè relijye oswa gwoup. Konsèy kapab ede tou. Gen kèk moun ki twouve li itil pou pale ak lòt moun ki te pase pa menm bagay yo. Yon gwoup sipò ka ofri sa. Di ekip swen kansè w kijan ou santi w. Yo ka ede w jwenn bon sipò.